FICH ENFÒMASYON

LAKOU ORJEUN





"Lakou ORJEUN
Se la w fè rèv ou tounen aksyon!"

WhatsApp : +509 47 90 1525
Email : orjeunproduction@gmail.com
Sit WEB : www.orjeun.pro

ORJEUN – Òganizasyon Jèn Ini



ORJEUN se yon mouvman ki mete limyè sou inite, lespwa ak aksyon pou jèn yo. Li chita sou valè tankou disiplin, fraternite, kreyativite, responsablite ak espirityalite. ORJEUN la pou wouvri je jèn yo, mete yo sou pye, epi montre yo yo ka bati yon lòt Ayiti.

Misyon nou : Mete jèn yo ansanm, fòme yo, motive yo epi mete yo responsab pou chanje kominote yo ak nasyon an.

Kisa Lakou ORJEUN ye ?

Lakou se baz lokal ORJEUN nan chak komin. Se kote jèn yo reyini pou:



• Aprann – nan atelye, fòmasyon, echanj ak ekspresyon.
• Aji – nan aksyon sosyal, pwojè kominotè ak devlopman ekonomik.
• Kree – pwodwi, biznis, atizay, e inisyativ inovatè.
• Ini – nan jwèt, kilti, mizik, espò ak talan.

Aktivite Lakou ORJEUN

• Atelye (atizana, antreprenarya, teknoloji...)
• Konkou (espò, pwezi, mizik, konesans jeneral...)
• Ti biznis lokal (kiosque, machandiz, transfòmasyon pwodwi...)
• Touris edikatif
• Aksyon sosyal (netwayaj, vizit granmoun, solidarite...)
• Fòmasyon sou valè, lidèchip, finans, elatriye.

Poukisa vin manb ORJEUN ?

• Rantre nan yon rezo jèn angaje ak pozitif.
• Jwenn fòmasyon ak bon jan akonpayman.
• Gen opòtinite pou w lanse pwojè w.
• Jwe wòl nan chanjman pozitif kote w ap viv.
• Resevwa rekonesans, lanmou ak solidarite.



Kijan pou w vin manb ?

1. Patisipe nan 5 reyinyon Lakou kòm envite.
2. Swiv 2 sesyon fòmasyon entegasyon.
3. Siyen kontra ORJEUN epi peye kotizasyon.
4. Resevwa kat manb epi patisipe nan seremoni entegasyon.

Valè ORJEUN

Disiplin – Responsablite – Fraternite – Inovasyon – Kreyativite.

Ou vle chanje Ayiti?

Komanse chanje tèt ou chanje fason ou panse, aji ak reflechi. Si wap li fich sa se paske ou se yon moun espesyal gen moun ki kwe nan ou epi ki ap tann ou. Kontribisyon ou pap selman pou ORJEUN men tou wap gen opòtinite pou limen flanm ou epi mete l disponib pou limen lot jèn. Gen plis moun ki la pou ede w pase sa ou konnen ak pase se sa ou panse. Jodia ou gen opòtinite pou fè pati yon mouvman kap fèt ak ou epi pou ou.

«Si ou pa ka yon etwal nan syèl bat pou ou yon balèn lakay ou.»

Kontakte ORJEUN

Ou vle entegre ORJEUN oswa mete Lakou nan zòn ou ? Kontakte nou !